

## Gid vaksinasyon pou fanmi jèn timoun

Chè fanmi:

Nou rekonèt tout travay di ou fè pou prepare pitit ou pou retounen nan gadri, nan 3K, oswa Pre-K. Pandan w ap prepare pou voye pitit ou a tounen lekòl, menm nan yon fason ki chanje tankou aprantisaj miks, li obligatwa pou pitit ou a rete ajou nan vaksen li yo.

okiman sa a se pou ede w konnen etap ou bezwen swiv pou asire pitit ou a pre pou reouvèti pwogram lan. Gid sa a eksplike enpòtans vaksen pou pitit ou a.. Li gen tou resous pou pitit ou a ka vaksinen kòrèkteman pou li ka ale lekòl. Pou sekirite pitit ou a ak sekirite lòt moun, si pitit ou a pa pran tout vaksen ki obligatwa yo ak/oswa prèv li gen randevou pou vaksen ki manke yo, pitit ou a ka pa ka patisipe nan pwogram anpèsòn oswa adistans jiska pwoblèm lan rezoud. Yo egzije pwogram pou pwogram yo respekte lwa sante piblik Eta Nouyòk.

### Kisa ou bezwen konnen

- Vaksinasyon, yo rele tou piki oswa vaksen, pwoteje timoun kont maladi grav tankou woujòl, malmouton, ribeyòl, koklich ak varisèl. Timoun ki pa pran vaksen ka malad oswa yo ka menm mouri ak maladi sa yo.
- Pitit ou a dwe pran premye dòz tout vaksen ki obligatwa nan espas 14 jou kalandriye depi premye jou aprantisaj anpèsòn oswa adistans lan. Tanpri gade tablo vaksen ki obligatwa yo nan paj 3 a.
- Si pitit ou a pa ajou ak vaksen li yo, li dwe gen yon orè pou li ratrape l. W ap bezwenfè yon orè ak bay orè lòt randevou pou pwochen dòz rapèl nan chak vaksen nan espas 30 jou kalandriye apati premye jou nan pwogram lan.
- Si pitit ou a fèk soti nan yon lòt eta oswa nan yon lòt peyi, ka gen kèk lòt fleksibilite, si w gen difikilte pou jwenn dosye medikal pitit ou a.

### Gen aksè nan vaksen pandan COVID-19

Gen mwens timoun ki vaksinen pandan pandemi COVID-19 la pase ane avan yo. COVID-19 fè li vin pi difisil tou pou fanmi yo jwenn randevou avèk doktè, sa ki fè plizyè timoun anreta nan orè vaksen yo. Pandan plizyè klinik medikal reouvri, toujou gen reta nan randevou epi kèk doktè gen dwa pa ofri vizit anpèsòn.

Si w pa kapab pran yon randevou avèk pedyat pitit ou a oswa si w pa gen yon doktè premye swen pou pitit ou a, [NYC Health + Hospitals](#) gen klinik nan tout senk borough yo. Yo disponib pou randevou vaksen pou timoun laj o rive 18 lane nan nenpòt lokal, kèlkeswa asirans oswa doktè pou premye swen ou genyen. Y ap mete vaksen yo nan dosye epi y ap remèt ouyo avèk pedyat ou a. Tanpri gade afich ki anglè nou voye ba w la (li disponib nan lòt lang yo [la a](#)) pou jwenn plis enfòmasyon. Sonje: Tès COVID-19 disponib tou nan lokal sa yo. Ou ka rele tou 311 pou jwenn enfòmasyon sou kote ou ka bay pitit ou a vaksen.

### Kondisyon pou vaksen

Ou bezwen pran kèk dòz vaksen nan entèval tan byen presi. Y ap tjou otorize pitit ou a ale nan pwogram li a pandan peryòd l ap tann lan si:

- Pitit ou a resevwa premye dòz chak vaksen lekòl ki obligatwa; ak
- Doktè w la di w pou tann dòz rapèl yo.

Yo dwe bay dòz rapèl pou konplete seri vaksen yo dapre [Orè ratrapaj Pratik vaksen komite konsiltatif \(Advisory Committee Immunization Practices, ACIP\)](#). Ou ka wè [kondisyon pou vaksen 2020-2021 yo](#) (disponib nan [plizyè lang](#)) sou sitwèb NYCDOE a ak ann anglè nan paj 3 dokiman sa a. Anplis, ou ka gade tou [Orè vaksen ACIP](#) a pou jwenn plis enfòmasyon.

Paegzanp, ann sipoze pitit ou ki gen twazan nan yon pwogram epi li pran sèlman yon dòz vaksen woujòl (MMR) ak varisèl. Sa vle di pitit ou a dwe pran yon dòz DTap oswa DTP, Polio, Hep B, Hib, PCV ak Influenza nan espas 14 jou apre premye jou lekòl la epi montre prèy li gen randevou pou tout rès dòz vaksen yo. Yo pa pèmèt lòt fason pou pwouve orè. Si w pa respekte delè sa yo, pitit ou a gen dwa pa ka patisipe nan pwogram li ye a jiskaske li respekte orè ratrapaj la oswa jiskaske li pran tout vaksen yo okonplè.

Pwogram pitit ou a ap rete ankontak avèk ou konsènan sitiyasyon vaksen pitit ou a ak dat li dwe pran yo. Yo ka voye lèt avètisman oswa lèt ranvwa, si se ka a.

## Eksepsyon pou Rezon Medikal

Si pitit ou a gen yon pwoblèm medikal espesifik tankou yon vaksen ka reprezante danje, ou ta dwe fè doktè w ranpli yon fòm pou eksepsyon medikal. **Pwosesis pou mande eksepsyon medikal la se:**

- Yon doktè ki gen lisans eta Nouyòk dwe siyen demand eksepsyon an.
- Fòm dwe yon fòm Vil Nouyòk (yo prefere l) oswa yon fòm eta Nouyòk apwouve (gade fòm pou demand eksepsyon medikal pou vaksen Vil Nouyòk) la [la a](#)).
- Doktè a dwe ranpli fòm lan okonplè, menm seksyon pwogram lan dwe ranpli.

Aprè ou fin voye fòm lan ba pwogram pitit ou a, pitit ou a ka rete nan pwogram lan pandan Depatman Sante ak Lijye Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ap revize l.

Si yo rejte demand pou eksepsyon medikal la, y ap bay pitit oua 14 jou pou l pran vaksen ki obligatwa yo (oswa bay lòt dokiman iminite ki otorize). Si se pa sa, yp ka mete l deyò nan pwogram lan.

## Lòt resous pou fanmi

- Yo pwouve vaksen yo sennesof. Li plis enfòmasyon sou [sekirite vaksen](#)
- [Konsèy](#) CDC sou kòman pou fè vaksen gen mwens estrès.
- [Lòt enfòmasyon](#) sou timoun k ap pran plizyè vaksen anmenm tan (CDC)